



ORANGE  
COUNTY  
GOVERNMENT  
FLORIDA



KOMIN ORANJ

# Rezime Egzekitif **SIKLÒN MILTON**

Depatman Lojman ak Devlopman Iben  
Etazini (HUD) - Sibvansyon Global pou  
Devlopman Kominotè - Finansman pou  
Retablisman Apre Dezas (CDBG-DR)



COMMUNITY  
DEVELOPMENT  
BLOCK GRANT

**DISASTER  
RECOVERY**



## REZIME EGZEKITIF

### Entwodiksyon

Nan mwa oktòb 2024, Siklòn Milton te frape Santral Florid ak fòs destriktif, li te kite yon tras domaj nan tout Komin Oranj epi li te lakoz yon deklarasyon federal sou katastwòf (DR-4834-FL). Akoz rezulta jeneralize devastasyon an enkli pèt kay, domaj enfrastrikti, ak pwoblèm ekonomik—Komin Oranj te resevwa \$33,357,000 nan finansman Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè - Rekiperasyon apre Dezas (CDBG-DR) ki soti nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD). Alokasyon sa a disponib atravè Lwa sou Sekou Ameriken 2025 lan epi li gen entansyon pou sipòte rekiperasyon alontèm nan kominote ki te pi afekte yo epi ki fè fas a pi gwo difikilte pou rekiperasyon konplè san asistans adisyonèl. Plan Aksyon sa a dekri estrateji Komin lan pou deplwaye fon sa yo pou adrese bezwen ijan ki pa satisfè, ankoraje yon rekiperasyon ki efikas, ak envesti nan rezistans kominote a.

Siklòn Milton te fè yon chemen ki sanble ak Siklòn Ian (2022), ki te ogmante vilnerabilite ki egziste deja nan kay yo, enfrastrikti, ekonomi an ak sèvis publik yo. Avèk fòs van ki rive jiska 87 kilomèt alè ak plis pase 10 pou lapli nan kèk zòn, tanpèt la te lakòz gwo inondasyon, domaj nan plizyè milye kay, blakawout kouran toupatou, ak dega nan biznis ak sèvis esansyèl yo. Evalyasyon bezwen ki pa satisfè Komin lan—daprè done Ajans Federal Jesyon Ijans lan (FEMA) ak Administrasyon Ti Biznis (SBA), ansanm ak opinyon moun ki gen enterè lokal yo—idantifye plis pase \$279 milyon dola nan domaj. Apre yo fin kalkile lòt sous finansman yo, bezwen rekiperasyon total la rete apeprè \$196 milyon, kote majorite a konsantre nan kay (77%), apre sa rekiperasyon ekonomik (19%), ak enfrastrikti (4%). Evalyasyon sa a reflete ni gravite katastwòf la ak difikilte abòdab ki te deja egziste ke anpil rezidan Komin Oranj yo ap konfwonte, espesyalman fwaye ki pa gen gwo mayen a mwayen modere yo (LMI), ki konpoze prèske mwatye popilasyon Komin lan.

Pou adrese bezwen sa yo, Komin Oranj pral envesti nan yon seri pwogram rekiperasyon vize ki fèt pou repare ak ranplase kay ki te domaje yo, retabli enfrastrikti publik esansyèl yo, ak ede ti biznis yo. Plan Aksyon an bay priorite a rekiperasyon kay yo atravè twa pwogram prensipal: Reyabilitasyon Pwopriyetè Kay, Reyabilitasyon Kay a Lwe, ak Nouvo Konstriksyon Kay ki Abòdab. Pwogram sa yo reponn a domaj ki gen rapò ak katastwòf la ak difikilte pou kay abòdab - enkli yon mank kay pou lwe ki abòdab ak fado gwo pri yo chaje lokatè ki gen ki pa gen gwo mwayen yo ak pwopriyetè kay yo. Fon enfrastrikti yo pral ede adrese twou vid ki genyen nan sistèm sèvis publik yo, ak etablisman publik ki nan zòn ki afekte nan katastwòf yo. Fon retablisman ekonomik yo pral sipòte ti biznis ki te soufri pèt pwopriete oswa entèripsyón operasyonèl, ak atansyon patikilye sou moun ki refize oswa ki pa kapab jwenn aksè nan prè SBA yo. Pwogram sa yo enkòpore tou mezi estabilizasyon mendèv pou anpeche moun pèdi travay epi ranfòse ekonomi lokal la nan founi sèvis publik.

An akò ak egzijans HUD yo, yo pral itilize 100% alokasyon CDBG-DR nan zòn HUD deziyen ki pi afekte ak ki nan detrè yo (MID) - enkli tout Komin Oranj ak minisipalite li yo - epi yon minimòm 70% nan fon yo pral benefisyé moun ak fwaye LMI yo. Epitou, Komin lan pran angajman pou itilize omwen 15% nan alokasyon total la pou aktivite alèjman, jan HUD egzije l la, kap diminye risk nan lavni ak bati rezistans alontèm. Yo te evalye bezwen mitigasyon yo, yo te itilize Plan Mitigasyon Danje Eta Florid la (SHMP) ak Estrateji Mitigasyon Lokal Komin Oranj lan (LMS), ki idantifye danje ki gen gwo risk yo tankou siklòn, inondasyon, dolin, ak tonad. Lè nou enkòpore mitigasyon nan pwogram rekiperasyon



kay ak enfrastrikti, Komin lan gen pou objektif pou li non sèlman rekipere, men pou vin pi fò ak pi rezistan.

Angajman enpòtan nan kominate a, enkli reyinyon piblik, konsiltasyon ak jiridiksyon lokal yo, òganizasyon a-bi-non likratif, otorite sou lojman, ak antite tribi, ak koleksyon kòmantè piblik, se yo tout ki gide devlopman Plan Aksyon sa a. Komin Oranj rete angaje nan transparans, efikasite, ak responsabilite atravè tout aplikasyon pwogram CDBG-DR li yo. Plan Aksyon sa a ofri yon fè de wout ki klè e avan-gad pou rekiperasyon-youn ki adrese enpak ki pi pwofon nan Siklòn Milton, adrese bezwen ki pa satisfè yo, ak pozisyon Komin Oranj pou yon avni ki pi rezistan.

## Apèsi Espesifik sou Dezas la

Nan mwa oktòb 2024, ([Siklòn Milton \(DR-4834-FL\)](#)) te frape Komin Oranj epi sa te vin abouti nan deklarasyon katastwòf prezidansyèl yo ak disponiblite Asistans Piblik FEMA ak Asistans Endividyeòl nan Komin Oranj. Nan pwen ki pi fò li yo, sèlman 24 èdtan apre li te vin yon tanpèt twopikal, Milton te yon tanpèt Kategori 5 ki te gen yon fòs van jiska 180 kilomèt alè, presyon barometrik ekstrèmman ba, ak yon je ‘twou epeng’. Sa te fè Milton senkyèm siklòn ki te pi gwo nan Atlantik la anvan li te ateri kòm yon majè siklòn Kategori 3 toupre Siesta Key, FL, nan dat 9 oktòb 2024. Dezan pase, Siklòn lan ki te pi destriktif la te suiv menm tras la nan Komin Oranj. Prezidan an te deklare yon gwo katastwòf pou Eta Florid nan dat 11 oktòb 2024 akoz Siklòn Milton, selon otorite li daprè Lwa Stafford la.

Byenke yo te santi pi gwo enpak yo nan lwès ak nan sidwès Komin Oranj, tanpèt la te fè gwo enpak sou tout komin lan, avèk van fò, gwo lapli, sa ki lakòz blakawout kouran toupatou. Siklòn nan te pwodwi van ki te rive jiska 87 kilomèt alè nan Komin lan, ki te lakòz domaj nan kay, biznis, ak enfrastrikti, epi pyebwa ak liy kouran ki te tonbe. Anplis de sa, gen kèk kote nan Komin lan ki te resevwa plis pase 10 pou lapli, ki te lakòz inondasyon lokalize e dlo yo te vin monte nan zòn rivyè ak riso yo. Gravite Siklòn Milton te pwovoke plis pase 42 anons tònad atravè Santral Florid e ten gen plis pase 170,000 kliyan Duke ak OUC ki pat gen kouran.



**Ilustrasyon 1. Bato ki te inonde nan Windermere te plonje an pati apre Milton.** Kredi Foto: West Orange Times Observer.

An jeneral, Siklòn Milton te lakòz gwo domaj e yo te rapòte 35 moun te pèdi lavi yo nan tout eta a. Li te lakòz domaj nan enfrastrikti ak inondasyon devastatè nan anpil komin nan Florid, ki te agrave efè domaj lan ak lòt tanpèt ki te deja koze domaje. Tanpèt sa yo te antrene evakyasyon, operasyon sekou, ak efò rekiperasyon kontinyèl nan tout rejon ki afekte a.

### Zòn ki te pi afekte ak an detrès (MID)

Komin Oranj ak tout minisipalite yo se zòn ki te pi enpakte an detrès (MID). Nan Plan Aksyon CDBG-DR ke HUD egzije a, benefisyè yo dwe dekri bezwen ki pa satisfè nan zòn HUD idantifye ki pi afekte yo e ki nan detrès yo (MID); alokasyon fon yo baze sou bezwen ki pa satisfè nan kominote espesifik sa yo, ke HUD te idantifye ki gen piti chans pou rekiperé konplètman san asistans adisyonèl. Benefisyè yo oblige itilize omwen 80% nan sibvansyon CDBG-DR la pou benefisyé zòn MID HUD idantifye yo, ki fasilman reyalize pwiske tout Komin lan se zòn MID. Nan lòt ka katastwofik, zòn MID lan ka nan yon zòn jewografik jiridiksyon an. Benefisyè gouvènman lokal yo HUD idantifye ki nan zòn Mid yo enkli, tout jiridiksyon yo dwe itilize 100% nan sibvansyon CDBG-DR la pou benefisyé zòn MID, HUD idantifye yo. Deskripsyon alekri bezwen sa yo ak itilizasyon kat jeyografik yo se mwayen efikas pou ilistre bezwen rekiperasyon komin lan pou piblik la.


Epitou, Plan Aksyon an dwe idantifye itilizasyon tout fon CDBG-DR yo – ki enkli kritè pou kalifikasyon ak fason itilizatè yo adrese bezwen rekiperasyon alontèm, restorasyon enfrastrikti ak kay, retablisman ekonomik, ak mitigasyon nan zòn mwayen yo.



## Benefifyè -Zòn MID ki idantifye yo

Daprè jan avi Rejis Federal la egzije l la, Komin Oranj pral depanse 100% alokasyon li a nan zòn MID HUD idantifye yo, enkli tout Komin Oranj ak minisipalite li yo. Anplis de sa, pa mwens pase 70% nan alokasyon total la pral depanse pou benefisyè moun ki pa gen gwo mwayen ak mwayen modere yo (LMI). Tout pwogram CDBG-DR pwopoze yo ap enkli kèk inisyativ mitigasyon ki gen rapò ak rekiperasyon dezas, ansanm ak pèmèt aktivite mitigasyon endepandan pou asire ke Komin Oranj konfòme li avèk egzijans depans mitigasyon 15% Kongrè etabli pou fon sa yo.

Kat jeyografik ak tablo sa yo montre distribisyon popilasyon Moun ki pa gen Gwo Mwaven ak Mwaven Modere yo atravè Komin Oranj ak an konparezon ak eta a. Premye tablo a prezante done sou moun ki pa gen gwo mwaven a mwaven modere yo (LMI) nan Florid, kote yo itilize limit Revni Zòn Medyàn (AMI).





**Ilistrasyon 2 Popilasyon k pa gen Gwo Mwayen a Mwayen Modere nan Komin Oranj.** Kredi pou Kat Jeyografik la: University of Central Florida.

Kategori	Total Moun	Popilasyon Total	Pousantaj LMI
<b>Ba (&lt;50% AMI)</b>	5,423,482	20,784,704	26%
<b>Ba Modere (80% AMI)</b>	9,330,950	20,784,704	45%
<b>LMMI (&lt; 120% AMI)</b>	13,381,125	20,784,704	64%

**Tablo 1: Moun ki pa gen Gwo Mwayen a Mwayen Modere pou Florid.** Sous Done: US Census, ACS 2019-2023.

Komin	Popilasyon Total MID	Total MID Moun ki LMI	MID% LMI
Oranj	1,342,545	629,355	47%


**Tablo 2. Zòn ke yo Deklare ki gen Moun ki pa gen Gwo Mwayen a Modere.** Sous Done: US Census, ACS 2019-2023.

Nan popilasyon total Florid la ki gen 20,784,704 moun, apeprè 26% (5.42 milyon moun) tonbe anba 50% AMI, ki klase yo kòm moun ki pa gen gwo mwayen. Ogmante limit la pou enkli moun ki anba 80% AMI ogmante popilasyon LMI a 45% (9.33 milyon moun), epi agrandi plis limit la pou enkli moun ki anba 120% AMI – ki klase kòm ki gen mwayen modere ki ba (LMMI) – ogmante popilasyon an a 64% (13.38 milyon moun) nan eta a.

Dezyèm tab la konsantre sou Komin Oranj, youn nan zòn HUD deziyen ki pi afekte ak an detrès (MID). Nan yon popilasyon mwayèn total 1,342,545, apeprè 629,355 rezidan konsidere kòm LMI, ki reprezante 47% nan popilasyon komin lan. Sa endike ke prèske mwatye popilasyon Komin Oranj lan kapab kalifye pou pwogram oswa resous ki vize pou kay LMI yo, mete aksan sou yon zòn ki nan gwo bezwen nan konteks rekiperasyon pou dezas la.

## Apèsi sou Enpak Dezas ki Kalifye

Dezas ki kalifye a, Siklòn Milton (DR-4834-FL), te lakòz devastasyon toupatou nan Komin Oranj, ki afekte zòn rezidansyèl ki gen gwo inondasyon, domaj estriktirèl nan kay, ak gwo pètibasyon enfrastrikti, ki kite yon enpak kap dire lontan sou kominate a. Aktyèlman bezwen non-satisfè ki pi ijan se reparasyon kay alontèm, restorasyon enfrastrikti esansyèl, ak retablisman ekonomik, patikilyèman nan katye ki pi afekte nan lwès ak nan sidwès zkomin Oranj. Anpil nan enpak ki obsève yo te agrave enpak tanpèt ki te pase anvan yo, tankou Siklòn lan. Avèk yon estimasyon \$243,520,269 nan domaj total, dè santèn de kay nan Komin Oranj te sibi domaj tankou do-kay koule, envazyon inondasyon ak miray kraze, ki rann anpil kay inabitab akòz gwo lapli, inondasyon, ak fòs van siklòn nan.


**FEMA-4834-DR, Florida Disaster Declaration as of 11/04/2024**



**Data Layer/Map Description:**  
The types of assistance that have been designated for selected areas in the State of Florida.

All areas in the State of Florida are eligible to apply for assistance under the Hazard Mitigation Grant Program.

Additional designations may be made at a later date if requested by the state and warranted by the results of further damage assessments.

**Designated Counties and Tribal Areas**


[No Designation icon]	No Designation
[Public Assistance (Category B) icon]	Public Assistance (Category B)
[Public Assistance (Categories A - G) icon]	Public Assistance (Categories A - G)
[Red Diamond icon]	Individual Assistance and Public Assistance (Categories A - G)



**Data Sources:**  
FEMA, ESRI;  
Initial Declaration: 10/11/2024  
Disaster Federal Registry Notice:  
Amendment #5: 11/04/2024  
Datum: North American 1983  
Projection: Lambert Conformal Conic

MapID h03h355d8Ra11n04242000whhnnrr

**Illistrasyon 3. Kat Jeyografik Deklarasyon Dezas pou Siklòn Milton (DR-4834-FL) apati 11/04/2024. Sous Imaj la: FEMA.**



**Ilustrasyon 4: Imaj Satelit Siklòn Milton nan dat 8 oktòb 2024, pandan l ap apwoche Florid. Kredi pou Imaj: Imaj Siklòn Milton, NOAA.**

<b>Rezime Dezas la</b>	
<b>Dezas ki Kalifye:</b>	Siklòn Milton avèk Dezas FEMA (DR-4834-FL)
<b>Zòn MID HUD idantifye:</b>	Komin Oranj
<b>Benefifyè -Zòn MID idantifye</b>	Komin Oranj

*Tablo 3: Apèsi sou Dezas la.*

<b>Apèsi sou Alokasyon CDBG-DR:</b>	
<b>Alokasyon CDBG-DR:</b>	\$29,006,000
<b>Mezi Mitigasyon CDBG-DR ki Rezève:</b>	\$ 4,351,000
<b>Alokasyon Total:</b>	\$ 33,357,000

*Tablo 4: Apèsi sou Alokasyon CDBG-DR.*

## Evalyasyon ak Alokasyon Bezwèn ki Pa Satisfè

Komin Oranj te konplete evalyasyon sa a pou idantifye bezwen kominote a atravè tout komin lan, yap evalye efè ki rete nan katastwòf ki kalifye a jan yo gen rapò ak kay, enfrastrikti, ak ekonomi an lè yo itilize done kantifyab ak verifyab la apati 26 fevriye 2025. Espesyalman, jan HUD egzije sa, evalyasyon sa a ap evalye bezwen kay atravè kat gwo zòn: (1) abri ijans; (2) lojman pwovizwa e pèmanan; (3) lwave ak kay inifamilyal ke mèt li abite ak kay miltifamilyal; (4) kay publik (enkli kay HUD-edè) ak lòt kalite lojman abòdab.

Tablo ki swivan an rezime pèt ak bezwen ki pa satisfè ki gen rapò ak enpak Siklòn Milton fè sou Komin Oranj. Analiz bezwen ki pa satisfè yo idantifye yon bezwen rekiperasyon totalki nan \$ 196,195,0891.

Rezime Enpak/Sipò	Lojman	Enfrastrikti	Ekonomi	Total
<b>Montan Estimasyon Enpak lan</b>	\$ 157,123,775	\$ 36,551,008	\$ 85,545,954	\$ 279,220,737
<b>Montan Fon ki Disponib yo</b>	\$ 5,228,919	\$ 29,257,637	\$ 48,539,092	\$ 83,025,648
<b>Bezwèn ki Pa Satisfè yo (Fon ki Disponib pou Enpak) + Depans pou Rezilyans</b>	\$ 151,894,856	\$ 7,293,371	\$ 37,006,862	\$ 196,195,089
<b>% Bezwèn Total ki Pa Satisfè</b>	<b>77%</b>	<b>4%</b>	<b>19%</b>	<b>100%</b>

### Rezime Bezwèn Ki Pa Satisfè ak Atribisyón Fon ki Pwopoze yo

Enpak total Siklòn Milton atravè tout Komin Oranj nan domèn kay, enfrastrikti, ak ekonomi monte jiska \$279,220,737. Kay reprezante pi gwo pati nan domaj yo ki evalye a \$ 151,894,856 (ak 77% nan bezwen total ki rete yo), apre sa ekonomi an nan \$ 37,006,862 (19%), ak enfrastrikti ki nan \$ 7,293,371 (4%). Lajan ki disponib yo siyifikativman pi ba, ak yon disponiblite total ki nan \$83,025,648 pou efò rekiperasyon. Gwo diferans nan finansman sa a, patikilyèman nan domèn kay ak efò rekiperasyon ekonomik, mande pou sipò finansye adisyonèl pou asire yon rekiperasyon konplè. Analiz la montre ke lojman konstitye pi gwo bezwen ki rete pou fon CDBG-DR ki pa adrese pa lòt sous lajan, ki te swiv pa retablisman ekonomik ak apre enfrastrikti.

## Evalyasyon pou Bezwèn Mitigasyon

Evalyasyon pou Bezwèn Migitasyon an se yon evalyasyon ki baze sou risk ki rezime menas ak danje natirèl nan Komin Oranj. Evalyasyon pou Bezwèn Mitigasyon an enfòme itilizasyon rezèv minimal la a 15% mitigasyon CDBG-DR Komin Oranj epi li ede entegre mezi rezilyans ak mitigasyon nan pwogram ak pwojè retablisman CDBG-DR a nan komin lan.

<sup>1</sup>Ansanm done yo itilize pou analiz bezwen ki pa satisfè yo enkli Done Asistans Piblik OPEN FEMA (PA) ak Done Aplikan yo, Done Aplikan pou Asistans Endividèl (IA); Deklarasyon Dezas OPEN FEMA; Done HUD LMI ak Done Swen Kontini; Done kay SBA ak Rapò Biznis; Done Resansman Etazini.

Evalyasyon Bezwèn Mitigasyon sa a soulinye ke Komin Oranj konfwonté risk enpòtan ki soti omwen nan **dis danje natirèl ak sou danje**, pami yo gen **sistèm twopikal, dolin, ak tanpèt grav, enkli tònad e ki pi souvan epi ki reprezante pi gwo risk la**. Lè yo analize danje sa yo an tèm de frekans ak vulnerabilite komin lan, Komin Oranj ak patnè retablisman li yo ka itilize evalyasyon sa a pou idantifye risk aktyèl ak pwochen risk nan kominote yo. Sa ap pèmèt yo dirije fon CDBG-DR nan direksyon solisyon rantab pou mitigasyon alontèm.

Anplis de sa, evalyasyon sa a pral gide tout pwogram ak aktivite CDBG-DR ki asosye ak alokasyon finansman sa a, asire ke yo pa sèlman evite danje ki egziste deja, men yo travay aktivman pou diminye enpak alavn yo.

<b>Evalyasyon Bezwèn ki Rezèv pou Mitigasyon DR-DBG</b>			
<b>Kategori ki afekte yo</b>	<b>Bezwèn Total</b>	<b>Asistans Finansye Bidjètize e Angaje</b>	<b>Bezwèn ki Pa Satisfè</b>
<b>Lojman</b>	-	-	-
<b>Enfrastrikti</b>	\$ 128,989,976	\$ 100,079,669	\$ 28,910,307
<b>Devlopman Ekonomik</b>	-	-	-
<b>Total</b>	<b>\$ 128,989,976</b>	<b>\$ 100,079,669</b>	<b>\$ 28,910,307</b>


**Tablo 6: Evalyasyon Bezwèn ki Rezèv pou Mitigasyon DR-DBG.**

Lè yo analize repons ki bay nan aplikasyon pou Enfrastrikti ak Fasilitè Piblik Siklòn Ian (RFA) yo te soumet ak revize nan mwa janvye 2025, Komin Oranj te jwenn enfòmasyon esansyèl sou bezwen mitigasyon nan mond reyèl la ki pa satisfè. Done ki te kolekte yo mete aksan sou twoou vid ki genyen nan finansman ki egziste deja nan pwojè rezistans ki pare pou pèl, ki ofri yon konpreyansyon ki baze sou prèv danje lokal yo. Analiz sa a enfòme desizyon politik lokal yo, alien ak planifikasyon mitigasyon danje, epi li bay yon fondasyon ki baze sou done pou chèche resous adisyonèl leta ak federal. Omwen 15% nan fon CDBG-DR yo pral dedye a efò pou mitigasyon, ki kounye a vize pwojè enfrastrikti ki gen gwo enpak yo.

Komin Oranj rekonèt ke pandan bezwen mitigasyon yo ap evolye atravè o-fil-di tan, danje prensipal ke rejon an ap konkronte yo rete relativman konsistan depi Siklòn Ian. Risk ki pèsistan tankou inondasyon, gwo van, ak tanpèt grav kontinye menase enfrastrikti kominote a, lojman, ak rezistans an jeneral. Pandan rekiperasyon an ap pwogrese epi nouvo done yo vin disponib, Komin lan rete angaje nan mete ajou Evalyasyon Bezwèn Mitigasyon an ak Plan Aksyon an pou reflete kondisyon emèjan ak disponiblite resous yo.

Pou asire ke estrateji mitigasyon yo rete anrasine sou reyalite lokal yo, Komin Oranj travay kole kole ak patnè kle yo - enkli ajans jesyon ijans, ak depatman komin yo. Entèvenan sa yo bay bonjan konpreyansyon sou danje ak priyorite rezistans kap kontinye nan kominote Komin lan. Ekspètiz yo enstrimantal nan fòme envestisman mitigasyon ki reponn ak enfòme lokalman.

## Bezwen ki pa Satisfè ak Mitigasyon Koneksyon ak Pwogram ki Pwopoze yo



**Tablo 7: Alokasyon Pwogram CDBG-DR ak Bezwen ki Pa Satisfè.**

Pwogram Komin Oranj pwopoze an repos a Siklòn Milton aliyen ak bezwen ki pa satisfè yo ki endike nan evalyasyon bezwen yo epi demonstre yon alokasyon pwopòsyonèl resous ki vize zòn ki gen pi gwo enpak yo. Sa asire ke finansman ak konsepsyon pwogram yo reponn dirèkteman a bezwen ki pi esansyèl ki pa satisfè nan zòn HUD ak MID ki idantifye lokalman yo. Evalyasyon Bezwen ki Pa Satisfè a montre ke bezwen kay yo reprezante 77% nan bezwen rekiperasyon total ki pa satisfè, apre sa retablisman ekonomik (19%) ak enfrastrikti (4%). Alokasyon pwogram yo reflete priorite sa a, ak apeprè 60% nan fon retablisman CDBG-DR yo pou dirije vè pwogram kay, 12% nan revitalizasyon ekonomik atravè devlopman mendèv<sup>2</sup>, ak 9% nan enfrastrikti.

Pwogram kay ki pwopoze yo adrese dirèkteman twou vid sibstansyèl ki nan \$ 151.9 milyon dola pou rekiperasyon kay a. Pwogram sa yo konsantre sou reparasyon ak restorasyon kay inifamiliyal ak pwopriyete lwave abòdab, ak yon gwo anfaz sou sèvi rezidan LMI yo. Yo pral adrese revitalizasyon ekonomik atravè aktivite sèvis publik, tankou devlopman mendèv, ki adrese bezwen ekonomik nan sipòte travayè deplase ak sou-anboche jwenn konpetans ki enpòtan nan pwoesis retablisman. Menm jan an tou, Pwogram Retablisman Enfrastrikti ak Etablisman Biblik yo vize bezwen enfrastrikti ki pa satisfè yo, ki konsantre sou reparasyon ak amelyorasyon rezistan kap amelyore aksè ak sekirite nan kominate Komin Oranj yo.

## Enkòporasyon Evalyasyon pou Bezwen Mitigasyon nan Zòn MID yo ak nan Pwogram ki Pwopoze yo

Komin Oranj ap pran yon apwòch proaktif ak estratejik nan retablisman kont katastwòf la kote yap enkòpore mezi mitigasyon danje konplè nan ansanm pwogram CDBG-DR li yo. Selon Gid rezulta

<sup>2</sup>Komin Oranj ap adrese enpak sou ekonomi an atravè pwogram sèvis publik yo pwopoze a.



Evalyasyon Bezwèn Mitigasyon li yo, Komin lan te idantifye yon seri danje natirèl ki reprezante yon risk enpòtan pou kominote li yo - ki enkli sistèm twopikal (siklòn), dolin, tanpèt grav, inondasyon, ak tònad. Yo te evalye danje sa yo sou baz frekans yo, ekspozisyon jewografik yo, ak vilnerabilite enfrastrikti lokal yo ak popilasyon yo.

An repons, Komin lan ap enkòpore mitigasyon nan tout aspè kad retablisman li yo pou asire ke envestisman yo pa sèlman repare domaj ki te fèt nan tan lontan an, men tou diminye enpak katastwòfik alavni yo. Apwòch sa a enfòme opinyon kalitatif kominote a ak done kantitatif, ki enkli enpak dezas ki sot pase yo, pèfòmans enfrastrikti, ak vilnerabilite sosyoekonomik.

Pou adrese risk sa yo, Kominlan te prioyize amelyorasyon enfrastrikti ki konsantre sou rezistans, enkli:

- **Jesyon dlo tanpèt ak sistèm kontwòl inondasyon** pou diminye inondasyon pandan lapli ap tonbe anpil.
- **Ranfòsman Enfrastrikti Enpòtan** tankou rezo dlo, tou egou, ak laj band entènèt pou asire kontinwite sèvis yo pandan evènman ekstrèm yo.
- **Amelyore estanda etablisman** pou abri ak etablisman publik pou reziste kont tanpèt ki gen gwo entansite ak domaj van.
- **Konvèsyon septik an tou egou** ak lòt amelyorasyon enfrastrikti anviwònmantal pou anpeche echèk nan sistèm lan pandan inondasyon.

Komin Oranj te etabli kritè seleksyon pwojè ki klè pou asire ke aktivite ki finanse yo alienen ak objektif alontèm mitigasyon li yo. Pwojè yo prioyize si yo adrese vilnerabilite esansyèl, demontre yon rantabilite, alienen ak plan ki egziste deja tankou Plan Rediksyon Risk Komin lan ak Plan Konsolidasyon, epi yo pare pou enplimatasyon an.

Pou pi ranfòse rezulta yo, Komin lan mete aksan sou:

- **Entegrasyon ak planifikasyon reyjonal ak lokal.**
- **Planifikasyon soutenabilitè ak antreyen** pou prezève envestisman dirab.
- **Finansman vize**, asire ke resous yo benefisyé kominote ki pa gen gwo mayen a modere yo (LMI) ki souvan pi sansib a enpak dezas.

Apwòch sa a pèmèt Komin Oranj rebati pi an sekirite ak pi entelijan, diminye risk nan lavni pandan y p ankouraje yon kilti ki tou pare ak rezistans nan tout kominote yo. Lè yo itilize mitigasyon kòm yon eleman debaz nan retablisman an, Komin lan pa sèlman ap adrese domaj ki te fèt nan tan lontan, men tou li mete fondasyon pou yon avni ki pi an sekirite ak dirab.

## Alokasyon Fon DR CDBG pou Milton

Komin Oranj se ajans prensipal la e li se antite ki responsab pou administre \$ 33,357,000 nan fon CDBG-DR yo resevwa pou efò retabliman apre Siklòn Milton. Fon CDBG-DR ki disponib pou adrese bezwen ki pa satisfè yo pral distribye nan kategori pwogram debaz yo daprè tablo ki anba a.

### Alokasyon ak Limit Finansman Pwogram CDBG-DR yo

Kategori Depans ki Kalifye	Montan Alokasyon CDBG-DR	Pousantaj Alokasyon CDBG-DR	Mete Apa Mitigasyon CDBG-DR:	Estimasyon Pousantaj nan Zòn MID HUD Idantifye	Benefis jeneral LMI
Planifikasyon	\$ 200,000	1%	0%	100%	0%
Administrasyon	\$ 1,667,850	5%	0%	100%	0%
Lojman	\$ 20,000,000	60%	0%	100%	70%
Sèvis Piblik	\$ 4,000,000	12%	0%	100%	70%
Enfrastrikti ak Etablisman Piblik	\$ 3,138,150	9%	0%	100%	70%
Mezi Mitigasyon ki Rezève	\$ 4,351,000	15	100%	100%	70%
<b>TOTAL</b>	<b>\$ 33,357,000</b>		<b>100%</b>	<b>100%</b>	<b>70%</b>

\*Mezi Mitigasyon ki rezève a egal a 15% nan alokasyon Bezwèn ki Pa Satisfè yo nan \$ 29,006,000, kidonk kolòn nan pa pral legal a 100%

**Tablo 8: Alokasyon CDBG-DR ak Limit finansman.**

Chak aktivite sa yo rezime nan diskisyon sa a.

## PLANIFIKASYON

Planifikasyon		
Kategori Depans ki Kalifye	Montan Alokasyon CDBG-DR	% Alokasyon CDBG-DR
<b>Planifikasyon Total:</b>	\$ 200,000	1%

**Tablo 9: Apèsi sou Aktivite Planifikasyon Benefisyè**

Yon total de \$ 200,000, ki reprezante 1% nan alokasyon an, destine pou aktivite ki gen rapò ak planifikasyon an. Fon sa yo pral aksesib pou depatman Komin Oranj yo, divizyon, gouvènman minisipal yo, ak ajans kazi-gouvènmantal yo pou sipòte etid, analiz, ak inisyativ planifikasyon elaj.

## ADMINISTRASYON

Administrasyon		
Kategori Depans ki Kalifye	Montan Alokasyon CDBG-DR	% Alokasyon CDBG-DR
<b>Administrasyon Total:</b>	\$ 1,667,850	5%

**Tablo 10: Apèsi sou Aktivite Administrasyon Benefisyè a.**

Yon pòsyon 5% ki otrize nan alokasyon total CDBG-DR a, ki se \$ 1,667,850, pral konsakre pou administrasyon pwogram nan.



## LOJMAN

### Apèsi sou Pwogram Lojman yo

Apèsi sou Pwogram Lojman an (yo)		
Kategori Depans ki Kalifye	Montan Alokasyon CDBG-DR	% Alokasyon CDBG-DR pou Benefis LMI
<b>Reyabilitasyon pou pwopriyetè kay</b>	\$ 6,000,000	70%
<b>Reyabilitasyon Kay ki nan Lwaye</b>	\$ 4,000,000	70%
<b>Konstriksyon Nouvo Kay Abodab</b>	\$ 10,000,000	70%
<b>Total Pwogram Lojman:</b>	\$ 20,000,000	70%

Tablo 11: Apèsi sou Pwogram Benefisyè Lojman.

### Pwogram Reyabilitasyon pou pwopriyetè kay

Montan Fon CDBG-DR ki rezève pou Pwogram sa a: \$ 4,351,000

**Aktivite Kalifye (yo):** Reyabilitasyon Kay Inifamilyal ke Pwopriyetè yo Abite, HCDA Atik 105(a)(4), 24 CFR 570.202(a)(1)

**Objektif Nasyonal:** Kay moun ki pa gen Gwo Mwayen a Mwayen Modere (LMH), Bezwen Ijan (UN)

### Pwogram Reyabilitasyon Kay ki nan Lwaye

Montan Fon CDBG-DR ki rezève pou Pwogram sa a: \$ 4,000,000

**Aktivite ki Kalifye (yo):** Reyabilitasyon Kay ki nan Lwaye- HCDA Atik 105(a)(4), 24 CFR 570.202(a)(1)

**Objektif Nasyonal:** Kay moun ki pa gen Gwo Mwayen a Mwayen Modere (LMH), Bezwen Ijan (UN)

### Konstriksyon Nouvo Kay Abodab

Montan Fon CDBG-DR ki rezève pou Pwogram sa a: \$ 10,000,000

**Aktivite Kalifye (yo):** Konstriksyon Kay ki nan Lwaye- HCDA Atik 105(a)(4), 24 CFR 570.202 (a)(1), CDBG DR Avi Invèsel: Kondisyon Altènativ ak Egzasyon, III.D.5.a. Egzansyon pou Konstriksyon Nouvo Kay

**Objektif Nasyonal:** Kay moun ki pa gen Gwo Mwayen a Mwayen Modere (LMH), Bezwen Ijan (UN)

## ENFRASTRIKTI

### Apèsi sou Pwogram Enfrastrikti yo

Pwogram Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik (yo)		
Kategori Depans ki Kalifye	Montan Alokasyon CDBG-DR	% Alokasyon CDBG-DR pou Benefis LMI
<b>Enfrastrikti ak Etablisman Piblik:</b>	\$ 3,138,150	9%

Tablo 12: Apèsi sou Pwogram Enfrastrikti Benefisyè yo.

### Pwogram Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik (yo)

Montan Fon CDBG-DR ki rezève pou Pwogram sa a: \$ 3,138,150

**Aktivite ki Kalifye (yo):** Va detèmine daprè bezwen, epi yo pral ede nan konstriksyon ak/oswa reyabilitasyon etablisman piblik yo ak enfrastrikti jan yo kalifye daprè règleman HUD yo.

**Objektif Nasyonal:** Benefis pou Zòn Moun ki pa gen Gwo Mwayen a Mwayen Modere (LMA), Bezwen Ijan (UN)

## SÈVIS PIBLIK

### Apèsi sou Pwogram Sèvis Piblik yo

Apèsi sou Pwogram Sèvis Piblik (yo)			
Kategori Depans ki Kalifye	Montan Alokasyon CDBG-DR	% Alokasyon CDBG-DR pou Benefis LMI	Èske Pwogram sa a Egzan de Plafon 15% Sèvis Piblik la?
<b>Pwogram Sèvis Piblik</b>	\$ 4,000,000	12%	Non

Tablo 13: Apèsi sou Pwogram Benefisyè Sèvis Piblik yo

### Pwogram Sèvis Piblik

Montan Fon CDBG-DR ki rezève pou Pwogram sa a: \$ 4,000,000

**Aktivite ki Kalifye (yo):** Pwovizyon sèvis piblik yo atravè fòmasyon pou travay, HCDA 105(a)(8), 24 CFR 570.201(e)

**Objektif Nasyonal:** Benefis pou Moun ki pa gen Gwo Mwayen a Mwayen Modere (LMI)



## MEZI MITIGASYON CDBG-DR KI REZÈVE

### Apèsi Pwogram ki Rezève pou Mitigasyon CDBG-DR

Apèsi sou Pwogram(yo) ki Rezève pou Benefisyè Mitigasyon CDBG-DR			
Kategori Depans ki Kalifye	Montan Alokasyon ki Rezève pou Mitigasyon CDBG- DR	% Alokasyon CDBG-DR	Èske Pwogram sa a gen lyen ak dezas la?
<b>Total Mitigasyon:</b>	\$ 4,351,000	15%	Non

Tablo 14: Apèsi Pwogram ki Rezève pou Benefisyè Mitigasyon CDBG-DR

### Pwogram Mitigasyon

Montan Fon CDBG-DR ki rezève pou Pwogram sa a: \$ 4,351,000

**Aktivite ki Kalifye (yo):** 24 CFR 570.201(c), etablisman piblik ak amelyorasyon HCDA atik 105(a)(2) - Etablisman piblik ak amelyorasyon

**Objektif Nasyonal:** Benefis pou Zòn Mounki pa gen Gwo Mwayen a Mwayen Modere (LMA), Kliyan ki pa gen Gwo Mwayen a Mwayen Modere (LMC), Bezwen Ijan (UN)

### PLANIFIKASYON

Yo pral itilize yon total de \$ 200,000 pou aktivite planifikasyon yo. Finansman sa a pral disponib pou Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Komin Oranj pou sipòte ak administre bezwen CDBG-DR ki pa satisfè yo, ak evalyasyon bezwen mitigasyon pou Plan Aksyon Retablisman Dezas Siklòn Milton.

### Patisipasyon Sitwayen yo

Pou asire ke plan aksyon rekiperasyon dezas la konplè, adrese bezwen Komin Oranj ki pa satisfè yo, epi alien ak plan redevelopman reyonal yo, Komin Oranj konsilte ak entèvenan yo, sitwayen yo, minisipalite lokal yo, ak lòt antite pou mande lide sou devlopman plan sa a. Yon lis konplè konsiltasyon patisipasyon sitwayen yo figire nan kò Plan Aksyon an.